

Si w bezwen konje nan travay pou pran swen yon fanmi, ou ka gen dwa pou jwenn avantaj konje famiyal peye yo

Konje Famiyal Peye se yon asirans anplwaye a finanse ki bay konje ki pwoteje travay pou:

- **KREYE LYEN** ak yon timoun ki fenk fèt, ki adopte oswa ki nan fanmi akèy;
- **PRAN SWEN** yon fanmi ki gen yon pwoblèm sante grav; oswa
- **EDE** pwòch yo lè yo rele yon mari/madanm, yon mennaj nan kay, yon pitit oswa yon paran nan sèvis militè aktif aletranje.

Konje Famiyal Peye ka disponib tou pou itilize nan sitiyasyon kote oumenm oswa timoun minè ki depannde ou a an karantèn oswa nan izolman akòz COVID-19 la. Gade [PaidFamilyLeave.ny.gov/COVID19](https://www.PaidFamilyLeave.ny.gov/COVID19) pou jwenn detay konplè.

Elijibilite:

- Anplwaye ki gen yon orè travay regilye 20 èdtan oswa plis èdtan pa semèn elijib apre 26 semèn travay youn dèyè lòt.
- Anplwaye ki gen yon orè travay regilye ki mwens pase 20 èdtan pa semèn elijib apre 175 jou travay.

Sitwayènte w oswa sitiyasyon ou ak imigrasyon pa yon faktè nan elijibilite ou.

Avantaj:

Nan lan 2021, ou kapab pran jiska 12 semèn Konje Famiyal Peye epi resevwa 67% nan salè mwayen ou chak semèn, ki limite a 67% nan Salè Mwayen Chak Semèn Eta New York la. An jeneral, salè mwayen chak semèn ou an se mwayèn uit (8) dènye semèn peman w lan avan ou kòmanse Konje Famiyal Peye a.

Dwa ak Pwoteksyon:

- **Pwoteksyon Travay:** Se lè ou retounen nan menm travay la oswa yon travay ki konparab apre w fin pran konje a.
- Ou kenbe **asirans sante** w la pandan w an konje (ou ka oblije kontinye peye pati pa w la nan prim asirans lan, si genyen).
- Patwon w lan **pa ka fè diskriminasyon ni vanje** kont ou paske ou mande oswa pran Konje Famiyal Peye a.
- Ou pa oblije itilize tout akimilasyon konje maladi oswa vakans yo avan w itilize Konje Famiyal Peye a.

Pwosesis Demann Konje Famiyal Peye:

1. Avèti patwon w lan omwen 30 jou alavans, si sa previzib, oswa pi vit ou kapab.
2. Ranpli epi soumèt **Demann pou Konje Famiyal Peye a (Fòm PFL-1)** bay patwon w lan.
3. Ranpli fòm anplis yo epi mete yo jan yo mande sa epi soumèt yo bay konpayi asirans ki pi ba yo nan espas 30 jou apre ou kòmanse konje w la, pou pa pèdi avantaj yo.
4. Nan pifò ka yo, konpayi asirans lan dwe peye oswa refize bay avantaj yo nan espas 18 jou sivil apre li fin resevwa demann ou fè a oswa apre premye jou konje w la, nenpòt sa ki rive annapre.

Ou ka jwenn tout fòm yo nan men patwon w lan, konpayi asirans li an ki pi ba a oswa sou entènèt nan [PaidFamilyLeave.ny.gov/Forms](https://www.PaidFamilyLeave.ny.gov/Forms).

Konfli:

Si yo refize reklamasyon ou fè pou Konje Famiyal Peye a, ou ka mande pou yo fè yon jij ki pa nan paspouki egzamine refi a. Konpayi asirans ki pi ba a pral ba ou enfòmasyon sou fason pou mande yon jij.

Plent pou Diskriminasyon:

Si patwon w lan revoke ou, redui nan peman ak/oswa avantaj ou yo, oswa reprimande ou nan nenpòt mannyè akòz ou mande oswa pran Konje Famiyal Peye, ou ka mande pou yo re-entegre ou lè w pran mezi sa yo:

1. Ranpli **Demann Fòmèl pou Re-entegrasyon Konsènan Konje Famiyal Peye (Fòm PFL-DC-119)**.
2. Voye fòm ou ranpli a bay patwon w lan ak yon kopi li bay:
Paid Family Leave, P.O. Box 9030, Endicott, NY 13761-9030
3. Si patwon w lan pa re-entegre ou oswa li pran lòt mezi pinisyon nan espas 30 jou, ou ka pote yon plent pou diskriminasyon bòkote Komisyon Dedomajman pou Aksidan nan Travay la gras ak **Plent pou Diskriminasyon/Vanjans akòz Konje Famiyal Peye (Fòm PFL-DC-120)**. Komisyon Dedomajman pou Aksidan nan Travay la pral monte dosye w la epi pwograme yon odyans.
4. Gen lòt lwa eta ak lwa federal ki pwoteje anplwaye yo kont diskriminasyon. Gen plis enfòmasyon ki disponib nan [PaidFamilyLeave.ny.gov](https://www.PaidFamilyLeave.ny.gov).

Pou jwenn plis enfòmasyon, fòm ak enstriksyon, ale sou [PaidFamilyLeave.ny.gov](https://www.PaidFamilyLeave.ny.gov) oswa Liy Èd PFL la (844)-337-6303

Enfòmasyon sa yo se yon prezantasyon senplifye sou dwa w yo jan Seksyon 229 nan Lwa sou Andikap ak Avantaj Konje Famiyal Peye mande sa. Konpayi asirans ki bay avantaj Konje Famiyal Peye pou patwon w lan se:

SE PREZIDAN AN, KOMISYON
DEDOMAJMAN POU AKSIDAN NAN
TRAVAY LA KI REKOMANDE LI
NYS Paid Family Leave
PO Box 9030, Endicott NY 13761